


SERI KWECHIDZITIRO CHENGUVA

 Ndinoda kuzivisa pano kuti minamoto yenyu yakapindurwa, misangano seyataimbova nayo apo pandakatanga mushumiro, makore mazhinji apfuura. Handina kubvira...Hataimbokwanisa kana kuti vanhu vakwane. Uye nekuwana nhandare nezvimwe zvose, kunenge kwava nevanokwana ikoko nenguva dza three o'clock, kuzadza nzvimbo yose. Vaitofanira kuvhara masuwo, vasingavatendere kupinda mukati. Hatainge tavapo kusvikira nenguva dza seven. Maona? Zviuru zvichingodururuka kubva kwese-kwese. Kungo...

² Zvino ndakatora husiku hushanu hwekupedzisira mumusangano wekupedzisira, ndobva ndangovakira paShoko, ndokutanga kucherechedza kuti Shoko rine simba rakadii. Maona? Nokuti, Shoko ndiMwari. Maona? “Pakutanga kwaiva neShoko, Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama rikagara pakati pedu.”

³ Zvino, vaHebheru 4 yakazvitauro, kuti, “Shoko raMwari rinopinza kudarika munondo unocheka nekumativi maviri.” Maona? “Shoko raMwari rinopinza kudarika, kunyangwe kubaya kusvikira panoparadzana mapfupa, nekucheka, uye rinonzvera mifungo nendangariro, yemoyo.” Maona? Ndizvo zviri, Shoko raMwari.

⁴ Zvino kana pane chipo apo tinogona kudekara hedu; uye Shoko, pachaRo, iye Kristu, Anova Shoko, rinouya matiri, uye ronazvera mifungo yendangariro, sekuzviona kwamakaita. Maona? Zvakanaka sei. Zvino, kuona zvaAkaita uye nenzira yaAkatiropafadza nayo! Uye zvino...

⁵ Izvi, ndinonzwa kuti, kuzvivakira paShoko kwehusiku huna, kungorega vanhu vagare vakanyarara, uyezve nekungodekara, zvino Mweya Mutsvene waizodana vanhu uye woita zvinhu umo muungano.

⁶ Zvino ipapo, pahusiku hwekupedzisira, masikati eSvondo yapfuura, ndakaona mumwe wemitsara mikurusa yekupodzwa kwavanorwara yandati ndamboona muAmerica. Maona? Vakanga vari...Ndakatuma Billy zasi nemakadhi zana, naGene aine zana, naLeo aine zana, uye naRoy aine zana, ndokungopa makadhi ose, angangosvika mazana mashanu. Zvino mushure mekunge vaona Shoko rabata, uye nezvaRaikwanisa kuita, uye nekugara ipapo paShoko zvino, ndokuvaunza kupuratifomu. Zvino ndakaona varume nemadzimai vachirasa madondoro avo, nezvakadaro, uye vachipodzwa vasati vambosvika papuratifomu, kungoona. Maona? Shoko raMwari rakanga ratobuda kare, kunze kupfuura neipapo, rakazviisa pachaRo

muMharidzo idzodzo shanu, kana kuti Mharidzo ina, mumoyo yavo, kusvikira vakaRitenda nemoyo wavo wose. Zvino, chinhu chete chavaifanira kuita, kuva nekamwe kakubata kaduku, munoona, chimwe chakadaro, uye chaiva mazvirokwazvo. Zvino pavaingosvika papuratifomu, vaibva vatopodzwa pakare ipapo papurat- . . . vasati vambodarika nepapuratifomu.

⁷ Ndinotenda, hama pano, mose munoziva hama Ed, Hama Ed Hooper. Hamuzivi here? Imi vanobva kuArkansas, zasi uko? Akasangana. . . Akanga aneni muzvikamu zvokutanga zveshumiro yekutanga. Akati, “Izvi zvinoita senguva dzakare,” akati, “apo nzira yavaizviita nayo, makore apfuura.”

⁸ Zvino paive nevanhu vakanga vane mapundu akanga—akanga akaita *kudai*, vakadzoka, vanaya. Mapofu, matsi, mbeveve, nemhando dzose dzezvinhu izvo zvakaitwa naShe wedu. Pasina kana kubvira wambobata vanhu vacho. Shoko richienda richiita izvozvo.

⁹ Ipapo Ishe vakandipa Mharidzo iyo yandinoda kutaura pakereke, imwe nguva, kana ndadzoka, kana ndawana mukana. Ndakabatikana zvakanyanya. Zvino ndinofanira kuenda zvakare, mangwana, ndakamirira musikana uyu kuti auye. Uye ndisati ndamboisa sutukesi yangu mumba, panga patova nemumwe munhu ipapo. Zvino handina kubvira ndagara pasi kubva ipapo, kana hako. Maona? Handina kumbobvira ndataura nemhuri yangu kubva zvandakauya. Maona? Zvino zvi—zvinonetesa zvirokwazvo. Zvino ndinokumbira minyengetero yenyu mose kwandiri, zvakare, kuti Ishe vandibatsire kuramba ndakamira.

¹⁰ Zvino. . . [Chibenga patepi—Mupepeti.] Onai hama yedu pano, inorwara zvakanyanya, kwazvo, irere panhowo iyi. Uye isu. . .

¹¹ Pane munhu ari kuuya, muchinguva chiduku, kutitora, kuti tiende kuLouisville. Ndinoda kuti murangarire munamoto, zvakare, mudzimai wechidiki akanaka, uyo, haasati asvika makore gumi nemasere okuberekwa. Mupatya, uye musikana weChikristu ari kuchikoro. Zvino vamwe vasikana vaitaura pamusoro pake, munoziva, vasikana vaviri, zvino vachivaudza kuti vakanga vari chii, nekuti chikamu chipi chehupenyu chavari kurasikirwa nacho, uye kuti vanofanira sei kurarama sevamwe vasikana vose. Zvino mumwe musikana akakwanisa kuzvikunda. Uyu mumwe wacho zvakamukanganisa, haana kunzwa zvakanaka kwazvo pamusoro pazvo, zvino akaramba achienda kure, achingowedzera kudzokera shure chaiko, uye ari kunetseka pamusoro pazvo. Zvino pekupedzisira akazorasikirwa nenjere. Zvino ivo. . . Ari munzvimbo inochengeterwa mapenzi. Mai vake nababa vake vari kuuya, munguva shoma, kubva kuCrandall, Indiana, kuti vaenda

kunzvimbo iyi uko kwavari kuda kuedza kumutumira, kuMadison, mangwana.

¹² Zvino, mu—musikana, hapana chakakanganisika panyama mumusikana. Iye...Hapana chiripo, panyama. Hutano hwake hwakakwana. Asi zvakaoma kuzvitsanangura. Zvino zvirokwasvo hazvikwanise kutsanangurika. Zvazviri, mweya wake wadzungaira. Maona? Zvino, uno—unofanira kubata mweya wake uye woudzosa panzvimbo. Maona? Pane. . .

¹³ Sezvo, isu tichangopedza kutaura pano, mavhiki mashoma apfuura, kuti hurongwa hwemunhu hunoshanda sei. Kuti pane manzwiro mashanu ayo aunopinda nawo mumutumbi, uye tevere nzira shanu tingazvidana kudaro. Nzira shanu, dzakaita se—sehana, mafungiro, nezvakadaro, dzatinopinda nadzo mumunhu wemukati. Uye zvino kana wava kupinda mumweya, kune nzira imwe chete, uye kubudikidza nechido chako, izvo zvinozviisa pahwaro sakare sepakasikwa munhu.

¹⁴ Unogona kuZvigamuchira, kana kugona kuZvisiya zvichienda. Unogona kugamuchira Kristu seMuponesi wako, kana kuMurega achienda. Zvino uchiri paMuti uya, uyo weHupenyu neuyo werufu. Munhu wese anoiswa pamberi peMuti uyu, kana kuti Mwari vanenge vasina nduramo kuisa mumwe munhu ipapo, uye vorega kupa mumwe mukana wakaenzana ku—kusarudza chakanaka kana chakaipa. Zvino mumwe nomumwe wedu ane mukana iwoyo.

¹⁵ Zvakare, muna izvozvo, mweya, tinogona kupodzwa, kana kuti tinogona kutadza kupodzwa. Zvino, hazvisi nokuti hapana. . .kuti hatina kupodzwa maererano naMwari. Takadaro. Nokuti sungano haina zviga. Uye Akatotenga kare kupodzwa kwedu. Naizvozvo, kupodzwa kwedu nde—ndekwedu. Ndekwedu. Zvino, zviri kwatiri kuti tinitora nzira *iyi*, kuzvitenda; kana nzira *iyi*, kusangozvitenda. Zvino, panongori nenzira iya imwe chete yatinokwanisa kufamba nayo kupinda muHupo hwaMwari.

¹⁶ Zvino, mwana uyu, ane runako, mai vake ishamwari yechisikana. Ini, zvangu. . .O, aimbova mumwe weshamwari dzangu dzechisikana. Akanga ari mudzimai wechidiki akanaka, aibva kuimba yakaomarara chaizvo pachiNazarene, kamusikana kaduku kanotapira. Uye ane murume akanaka. Ndinomuzivawo, zvakare, zvakanyanya, mukomana wacho akamuroora. Zvino iye angori zvisihoma. . .Vakarera vana ivavo kuti vashumire Ishe, uye nekuvaendesa kuchikoro. Zvino vakanga vakasimba kwazvo muna Kristu, kuti vasaite zvinhu zvakatsveyama. Asi hezvino kwazvakazoenda.

¹⁷ Ndingori pakuzorora zvisihoma, sekungoti ndiri. . .ndatarisa nguva shoma yapfuura, ndatarisa shure kukakomana kadiki, akanga ane chinhu chimwe chete, saizvozvo. Zvino pa. . . Takadzika zasi ikoko humwe husiku, kweHama Wright,

uye Orville akanga—akanga asinganzwi zvakanaka. Zvino iye, munoziva, iye akaedza kundidzinga ndibude mumba; nehushamwari hwakanaka pakati paOrville neni, chaihwo sekuita kunge ndiri baba vake. Ndakachatisa baba vake namai vake, pamwe chete. Zvino aingosvetuka mudenga nekudanidzira, “Buda muno! Buda muno! Buda muno!” Maona?

¹⁸ Zvino, zvatakatozoita ipapo kwaive kuenda mumutsara wemweya uye tonobata mweya wemukomana uyu. Maona? Kusuruvara kuzhinji kwanga kwauya mumoyo wake mudiki. Uye mudiki, uye anga aona zvizhinji. Zvino takangomudzosa chaipo panzvimbo paaifanira kuva. Munoono? Mumazuva mashoma, akanga—akanga aita zvakanaka.

¹⁹ Zvino, ndicho chinhu chimwe chete chaunofanira kuita pane izvi. Ndakazviona, uye ndinoziva kuti ichokwadi. Asi zvino, kungo. . . Ndi—ndinokukumbirai mose kuti munamate zvino, kuti—kuti Mwari vandibatsire kuti ndiwane musikana mudiki uyu. Kunze munzvimbo, kwaasingazivi kuti ari kupi, zvino womudzosa panzvimbo yake. Zvino nzira iyi inouya kubudikidza nekutenda. Munoono, haakwanise kuzvitendera iye pachake. Haazivi kuti aripi, kana chinhu. Maona? Zvi—zvinototora kutenda kwedu pano.

²⁰ Uye zvino, mune izvozvo, simba riya rekumuka kwaKristu, iro raAkatipa mukana. Ndipo apo, iwe, neimwe nzira, Shoko raMwari rinobaya mutadzi. Zvino Rinofanira kupfuurira kuparidzwa kweShoko richienda mberi. Ndicho chikonzero ndaida kutaura zvishoma mangwanani ano ndisati ndanamatira vanorwara. [Chibenga patepi—Mupepeti.]

²¹ Munorangarira here chiratidzo, kwete nguva yakareba yapfuura, Ishe chavakandipa, munoziva, pamusoro pekuona rimwe Divi? Imi munorangarira mangwanani aya pandaipupura pamusoro pekuona rimwe Divi? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvakanaka, chaive chokwadi.

²² Zvino veFull Gospel Business Men’s *Voice* vakashambadza nyaya yacho, uye vakaisa mufananidzo kuseri kwepeji pano. Zvino pane zvakaiswa zvishoma zasi kuno pazasi, kachikamu kaduku pano pazasi, kanotaura pamusoro peshumiro. Rinova, iro bepa repasi rose rinodhindwa mumitauro mizhinji yakasiyana. Zvino vakakumikidza peji yepamberi, neyekutanga, pachiratidzo ichocho. Maona?

²³ Ndinawo kuno uku, ndinoshuvira kuti munhonge rimwe chete, uye mokwanisa kuriverenga. Uye mosimuka. . . Handina kuziva kuti vangani vangadai vauya, hama, mangwanani ano. Zvino iwe, zvino, kana zvikaitika kuti washaya rimwe, zvakanaka, ingoenda kuhofisi. Ivo vanawo ikoko kuhofisi. Zvino ivo vakaita kuti tive nechitsamha chawo, pamusoro pokuti: “Ingoramba uchishingaira.” Maona? Uye ndizvo chete zviri mumoyo mangu. Zvose zvandinonzwa bedzi, ndezvekuti,

“Ingoramba uchishingaira.” Mhiri kwe—kwerwizi kune Nyika iri na—nani. Zvino ngatirambe tichingoshingaira kusvikira tasangana neNyika iyoyo.

²⁴ Zvino, ndinofunga vane pano kukumikidzwa kwemudiki weHama Stricker neHanzvadzi Stricker. Kuitira kuti . . .

²⁵ Vanobva vaita vangani zvino, Hanzvadzi Stricker? [Hanzvadzi Stricker vanoti, “Vatanhatu.”—Mupepeti.] Machinda madiki vatanhatu. Iyi imhuri duku yakaisvonaka.

²⁶ Zvino vari . . . vakanga vari mamishinari edu uko ku—kuAfrica, nguva shoma yadarika, vari kudzokera. Zvino vana vavo vose vachingori machinda maduku kwazvo. Uye ndinoona uyu ari, zvakare, pavari kumuunza kuno mangwananani ano kuitira shumiro yekukumikidza.

²⁷ Teddy ari papi? Teddy, ungauya kuno here kupiano, kwemineti, mwanakomana? Uye—uye ngative nerwiyo rwedu, rwiyo rwuduku, munoziva, rwiyo rwuya rwuduku, ndinotenda, tinoimba, *Vaunzei Mukati*. Ndizvo here? “Vaunzei mukati kubva muminda yezvivi.”

²⁸ Zvino ndicho chikonzero tichiridza izvi, nokuti isu, nezvose zvatinokwanisa, vabereki, kuvaunza kuti vakumikidzwe. Tiri kuvakumikidza kunaShe uye nekuvaunza mukati vachiri vacheche, kuti varege kurasikira kunze vachipinda mumunda wechivi. *Vaunzei Mukati*. Ngatingo . . . Unorwuziva here, Teddy? Ngatingoimbai ndima imwe chete yarwo.

Vaunzei mukati, vaunzei mukati,
Vaunzei mukati kubva kuminda yezvivi;
Vaunzei . . .

Kana pane mumwezve, saka, ingomuunzai kuno.

Unzai vaduku kuna Jesu.

Vaunzei mukati, vaunzei mukati,
Vaunzei mukati kubva kuminda yezvivi;
Vaunzei mukati, vaunzei mukati,
Unzai vari kutetereka ava kuna Jesu.

²⁹ Hama Stricker neHanzvadzi Stricker, ndinocherechedza kuti munoziva zvinoreva rwiyo urwu, kuti “vaunzei mukati,” chishuwo chinopfuta chiri mumoyo menyu, kuedza kuunza vakarasika kuna Jesu. Mwana wenyu mudiki, kana dai akafa asati akumikidzwa, kana zvakadararo, akaponeswa, zvakadararo, nokuti Ropa raJesu Kristu rakaita izvozvo paKarivhari. Asi mukurangarira rwendo rwaKe rwukuru rwepanyika, apo Akaisa maoko aKe pamusoro pavaduku uye akati, “Varegei vauye kwaNdiri,” ndicho chikonzero maunza mwana mangwanani ano. Uye nekuisa ruvimbo matiri, kuti tinozokwanisa kunamata munamato wekutenda, wemudiki uyu, mukukumikidza hupenyu hwake kuna Mwari.

30 Zita rake ndiyani? [Baba vanoti, “Marilyn Madge Stricker.”—Mupepeti.] Marilyn Madge, Marilyn Madge Stricker. Akura zvakadii? [Amai vanoti, “Mwedzi gumi nemitatu.”] Mwedzi gumi nemitatu. Akaberekerwa kuAfrica, ndizvo here? [“Hongu.”] Zvakana, dai, kana pane ramangwana, dai mudiki uyu ave mumishinari ikoko, kuminda ikoko kwaakaberekerwa. Zvino mwa—mwana mudiki akanaka kwazvo. Mungauya here, Hama Neville?

31 Zvino, Marilyn. O, ini zvangu! Ndagara ndichida machinda madiki aya. Haana kunaka kwazvo here muchinda mudiki uyu? Wakadii? Wakadii? Ngatikotamisei misoro yedu. Zvino ndinoda kuti imi muise maoko enyu pamusoro pake.

32 Baba vedu veKudenga, tinounza kwaMuri Marilyn Madge Stricker mudiki, uyu mwana mudiki akaisvonakisa akaberekerwa muminda yekuvhanga, apo hondo yairwiwa zvakasimba. Ndinonamata kuti iMi muropafadze mwana uyu. MuBhaibheri, vakaunza kwaMuri vaduku vakadai. Makaisa maoko eNyu pamusoro nekuvaropafadza, ndokuti, “Regai vana vaduku vauye kwaNdiri, uye musavarambidze; nokuti Humambo hweKudenga ndehwevakadai.”

33 Amai nababa vamuisa mumaoko edu, nhasi. Isu, nekutenda, tinokwira manera, ekumusoro, tomuisa mumaoko eNyu, nokutenda. Ropafadzai hupenyu hwake. Mupei hupenyu hwakareba, Ishe. Ngaave mwana waMwari. Ngaakushumirei iMi nehupenyu hwake hwose, tsinga yose yemutumbi wake, ave muranda waKristu. Zviitei, Baba. Ropafadzai baba namai vake, hanzvadzi dzake duku nevakoma vake. Ngavakure, zvakare, uye ive mhuri yakabwinyiswa mushumiro yaMwari.

34 Baba, tinopa Marilyn Madge muduku kwaMuri, muZita raJesusu Kristu, kuhupenyu hwekushumira. Muropafadzei, nababa vake, namai vake, nevadikanwi vake. Uye dai vakararama hupenyu hurefu, hwemufaro mushumiro yeNyu. MuZita raJesusu. Amenii.

35 Mwari vakuropafadzei, Hama Stricker. Mwari vakuropafadzei. Maropafadzo pamudzimai mudiki akanaka.

Ndinokutenda iwe, mukomana, Teddy.

36 Ndinoda vana vaduku. Hamudaro here? [Ungano inopindura, “Amenii.”—Mupepeti.]

37 Vangani vasati vambonzwa chiratidzo chandakapihwa naShe? Ngationei maoko enyu mudenga, vasati zvachose. Hama Neville, mune kabhuku kenyu kadiki ipapo, zvichida, zvichida munogona kuvaverengera pano chaipo, kwenguva inotevera kana mbiri. Ndinozvitenda. . . Ipo pano chaipo, kana muchikwanisa.

38 [Hama Branham vanobva papurupiti. Ndima 39-56', Hama Neville vanoverenga kubva pachinyorwa chezvaRev. William

Branham chinonzi *Seri Kwechidzitiro Chenguva*, chakatanga kubuditswa neve Full Gospel Business Men's Fellowship International, peji 3-5 muzvinyorwa zvaKukadzi 1961 zveveFull Gospel Men's Voice—Mupepeti.]

³⁹ Mamwe mangwanani ndakanga ndakarara pamubhedha wangu. Ndakanga ndichangomuka kubva kuhope, zvino ndakaisa maoko angu kuseri kwemusoro wangu uye ndokuzorora nemusoro wangu uri papiro. Zvino ndakatanga kufunga kuti zvichazova zvakadii kune rimwe divi. Zvino ndakacherechedza kuti ndakanga ndatorarama chikamu chinopfuura chepakati chehupenyu hwangu kana ndanga ndiri ndazorarama kusvika ndakura sevanhu wangu, uye ndaida kuitira Ishe zvakawanda ndisati ndasiya hupenyu huno.

⁴⁰ Ndakanzwa Inzwi richiti: “Uchangotanga! Ingoramba uchishingaira muhondo! Ingoramba uchishingaira!” Pandainge ndakarara ipapo ndichifungisisa mashoko acho, ndakafunga kuti ndangoita zvekufungidzira kuti ini ndanzwa Inzwi. Zvakare Inzwi rakati: “Ingoramba uchishingaira muhondo! Ramba uchienda! Ramba uchienda!” Ndichiri kusangotenda, ndakafunga kuti kuda ndini ndataura mashoko acho pachangu. Zvino ndakaisa miromo yangu pakati pemazino angu uye ndokuisa ruoko rwangu pamuromo wangu ndokuteerera. Inzwi rakataura zvakare: “Ingoramba uchishingaira! Kana ukangoziva chete zviri kumagumo kwenzira!” Ndakaita sendinonzwa mumhanzi uye nemashoko erwiyo, rwekare rwunozivikanwa:

“Ndasuwa kumusha uye ndaneta, uye ndoda kuona Jesu,
Ndoda kunzwa mabhero aya epachiteshe chezvikepe achirira.
Zvinoisa chiedza mugwara rangu uye zvodinga kutya kose.
Ishe, itai kuti nditarire seri kwechidzitiro chenguva!”

⁴¹ Zvino Inzwi rakabvunza: “Ungada here kungoona seri kwechidzitiro?” Ndakapindura: “Zvingandibatsira zvakanyanya!”

⁴² Zvakaitika handikwanisi kutaura. Kutu ndakanga ndiri mumutumbi kana kunze, kana kuti kwaiva kushandurwa, handizivi, asi zvakanga zvakasiyana nezviratidzo zvandakambova nazvo. Ndaikwanisa kuona nzvimbo yandakatorwa kuenda kwairi uye ndaikwanisa kuzviona pachangu ndakarara kumashure uko pamubhedha wangu. Ndakati: “Ichi chinhu chinoshamisa!”

⁴³ Kwaiva nemhomho huru yevanhu uye vakauya vachimhanya kuzondikwazisa, vachidanidzira: “O, hama yedu yakakosha!” Kwakatanga kuuya madzimai echidiki, pakuonekwa vaiita

sekunge vari kumakore achangodarika makumi maviri, zvino pavaindimbundira vaiti: “Hama yedu yakakosha!” Varume vechidiki, vari mukubwinya kwehujaya, vaine maziso aivaima senyeredzi pahusiku hune rima, vaine mazino akachena semaparera, vakandimbundira, vachiti, “Hama yedu yakakosha.”

⁴⁴ Zvino ndakacherechedza kuti neniwo, zvakare, ndakanga ndava mudiki zvakare. Ndakazvitarisa ipapo zvino ndokutendeuka ndokutarira shure kumutumbi wangu wakare wakarara pamubhedha nemaoko angu ari seri kwemusoro wangu. Ndakati: “Izvi handizvinzwisise!”

⁴⁵ Pandakatanga kuda kuedza kunzwisisa nzvimbo yandaive ndiri, ndakatanga kucherechedza kuti kwaive kusina zuro kana mangwana ikoko. Hapana aitaridzika kuneta. Apo boka guru remadzimai echidiki akanakisa andati ndamboona vaindimbundira, ndakaona kuti kwaive nerudo rukuru rwakandikurira uye pasina kukwezva kwepanyama semumaitiro evanhu. Ndakacherechedza kuti madzimai echidiki ose aya vaiva nebvudzi ravo rakasvika muchiuno chavo uye marokwe avo aidzika zasi kusvika kutsoka dzavo.

⁴⁶ Mushure mezvizvi, Hope, mudzimai wangu wekutanga, akandimbundira, akati: “Hama yangu yakakosha!” Zvino mumwe mudzimai akandimbundira uye Hope ndokutendeuka ndokumbundira mudzimai wechidiki uyu. Ndakati: “Izvi handizvinzwisise. Ichi chimwe chinhu chakasiyana zvachose kubva kurudo rwedu rwevanhu. Handichadi kudzokera kumutumbi wekare uyo uri pamubhedha.”

⁴⁷ Zvino Inzwi rakataura kwandiri: “Izvi ndizvo zvawakaparidza kuti Mweya Mutsvene chii! Urwu rudo rwakakwana. Hapana chinogona kupinda Kuno chisina irworwo!”

⁴⁸ Tevere ndakazotorwa ndikagariswa panzvimbo yakakwirira. Kwose ndaiva ndakatenderedzwa neboka guru revarume nemadzimai vari mukubwinya kwehudiki. Vaidanidzira, nemufaro: “O, hama yedu yakakosha, tiri kufara zvakanyanya kukuona! kuno!” Ndakafunga: “Handisi kurota, nokuti ndiri kuona vanhu ava uye ndinoona mutumbi wangu uvete kumashure uko pamubhedha.”

⁴⁹ Inzwi rakataura kwandiri: “Unoziva zvakanyorwa muBhaibheri kuti vaporofita vaiunganidzwa nevanhu vavo.” Ndakati: “Hongu ndozvirangarira izvozvo muMagwaro, asi hakuna vekwaBranham vakawanda kudai.” Inzwi rakapindura: “Ava havasi vekwaBranham. Ava vanhu vawakatendeutsa, avo vawakatungamirira kunaShe. Vamwe vemadzimai ava vaunofunga kuti ndevchidiki uye vakanaka vaive vadarika makore makumi mapfumbamwe okuberekwa pawakavatungamirira kunaShe. Ndicho chikonzero vari

kudanidzira, ‘Hama yangu yakakosha!’” Zvino mhomho yakadanidzira pamwe chete: “Dai wanga usina kuenda neVhangeri, tingadai tisiri pano!”

⁵⁰ Ndakabvunza: “O, Jesu aripi? Ndinoda kuMuona!” Vanhu vakapindura: “Ari nechepamusoro zvisihoma. Rimwe zuva Achauya kwauri. Wakatumwa semutungamiri, zvino kana Mwari auya, Achakutonga maringe nedzidziso yako.” Ndakabvunza: “Ko Pauro naPetro vachamira here pakutongwa uku zvakare?” Mhinduro yaiti: “Hongu!” Ndakati, “Ndakaparidza zvavakaparidza. Handina kutsauka kubva kwaZviri nezira ipi zvayo. Pavakabhabhatidza muZita raJesu, ndakadarowo zvakare; Pavakadzidzisa ruBhabhatidzo muMweya Mutsvene, ndakadarowo zvakare. Chipi chavakadzidzisa, ndakadzidzisawo, zvakare.”

⁵¹ “Tinozviziva izvozvo,” vanhu vakadanidzira, “uye tinoziva kuti tichadzokera panyika newe imwe nguva. Jesu achauya uye agokutonga maringe neShoko rawakaparidza kwatiri. Zvino iwe uchatiisa kwaAri, uye tose pamwe chete tichaenda panyika kunogara nekusingaperi.” Ndakabvunza: “Ndinofanira kudzokera here panyika, zvino?” Vakapindura: “Hongu, asi ingoramba uchishingaira!”

⁵² Pandakatanga kufamba kubva panzvimbo iyi yakanaka, ine mufaro, sekukwanisa kuona kwaita maziso angu, vanhu vaiuya nekwandiri kuti vandimbundire, vachidanidzira: “Hama yangu yakakosha!”

⁵³ Chiriporipotyo ndakanga ndadzoka pamubhedha zvakare. Ndakati: “O, Mwari, ndibatsirei! Musandirega ndichirerutsa paShoko. Ndiitei kuti ndigare paShoko chaipo. Handina basa kuti ani zvake anoitei, Ishe, regai ndishingairire kuenda kunzvimbo iyoyo yakanaka, ine mufaro!”

⁵⁴ Ndanyatsogutsikana kudarika nguva dzose muhupenyu hwangu kuti zvinotoro rudo rwakakwana kuti upinde munzvimbo iyoyo. Kwakanga kusina goda, kusina kuneta, kusina hurwere, kusina kukwegura, kusina rufu. Kuine bedzi runako nemufaro zvepamusoro chete.

⁵⁵ Chero chipi chaunoita, isa zvimwe zvole parutivi kusvikira wawana rudo rwakakwana! Svika pekuti unoda munhu wese, kunyangwe muvengi wose. Zvisinei kuti ndege haina kugadzikana, mheni iri kupenya, kana pfuti dzemuvengi dziri pauri, zvinhu izvi hazvina basa: wana rudo rwakakwana!

⁵⁶ Kana usina kuponeswa, gamuchira Jesu Kristu seMuponesi wako iko zvino! Kana wanga usina kubhabhatidzwa mumvura, bhabhatidzwa iko zvino! Kana wanga usina kugamuchira ruBhabhatidzo rweMweya Mutsvene, rwugamuchire iko zvino! Shingairira kusvika parudo rwakakwana runozokuendeswa kunzvimbo iya yakanaka uye yemufaro seri kwechidzitiro chenguva!

[Hama Branham vanodzokera kupurupiti—Mupepeti.]
Ndizvo . . .

⁵⁷ Ndaifunga kuti kuda vamwe venyu maizonge maverenga. Zvino kana usina kabhuku kadiki, zvino, unogona kukawana.

⁵⁸ Zvino ku . . . kuzasi kwepeji, akagadzira kamupfekedzerwa kadiki kanotaura pamusoro pemushumiro ipapo. Handizivi kana mazvicherechedza, kana kuti kwete, kuzasi chaiko, mushure mokunge waverenga izvozvo. Kuzasi chaiko, kamupfekedzerwa kaduku kuzasi.

⁵⁹ [Hama Branham vanotaura nezvechitaurwa chakaitwa neHama Thomas R. Nickel, Mupepeti weFull Gospel Men's Voice, chaakapfekera papeji yekutanga munyaya yaRev. Branham. "Pamusoro pemufananidzo uri pakavha yepamberi. Mumazuva emuBhaibheri, paiva nevanhu vaMwari vaiva vaPorofita neVaoni. Asi muZvinyorwa zvose Zvinoera, hapana kana mumwe wavo aiva neshumiro yakakura kudarika yaWilliam Branham, muPorofita neMuoni waMwari, uyo mufananidzo wake unoonekwa pakavha yemberi yenyaya iyi yeFull Gospel Men's Voice. Branham akashandiswa naMwari, muZita raJesu, kumutsa vakafa!"—Mupepeti.]

[Chibenga patepi—Mupepeti.]

⁶⁰ Zvino, zvinoenda kuda mumutauro wose uri pasi pematenga, munoono, ku—kuverengwa pasi rose.

⁶¹ Zvino, "Chii—chii . . . Zvakanaka," unoti, "sei muchitaura izvozvo, Hama Branham, musati manamatira vanorwara?"

⁶² Chikonzero ndeichi: kuti tizive kuti kushingaira kwedu hakusi pasina. Maona? Tinofanira kusvika kuna Mwari nenzira iyoyo yerudo nekutenda. Kutenda kunotiisa mugwara. Rudo ndirwo rwunotipinza mukati.

Ndiregerereiwo. [Chibenga patepi—Mupepeti.]

⁶³ Zvino, mungafunga here kuti Mwari anga . . . Zvino ngati . . . Zvino, kutenda kwako kunosvika panzvimbo zvino, unofunga here kuti . . . Chii chawaizofunga zvino kana kushingaira kwese uko . . . tabhanakeri ino uye nemapoka evanhu aya pano zvavakaisa, kuitira Humambo hwaMwari? Pane vazhinji pano vakashaisa vana vavo, nokuda kweHumambo hwaMwari. Pane vazhinji pano vagara vasina nhumbi, nokuda kweHumambo hwaMwari. Pane vazhinji vakatyaira vachipfuura nemumadutu, uye vakafamba vasina shangu mutsoka dzavo, kuti vasvike patabhanakeri pano, ndizvozvo, kuitira Humambo hwaMwari.

⁶⁴ Ungafungidzira here mupendi achipenda mufananidzo mukuru, wakanaka, kusvikira wanakisisa, uye obva azongoubvarura? Panenge pane chakatsveyama nemupendi wacho. Ungafungidzira here nyanduri onyora rwiyo kusvikira rwanakisa, zvino obva abvarura mu—mumhanzi wake? Panenge pane chakatsveyama nanyanduri wacho. Maona? Hapana

chakatsveyama naMwari. Mwari havagadzire chinhu sezvizvi, kuti vangochibvarure uye vochirasa. Ndechekuitira Humambo hwaVo. Ndechekuitira Kubwinya kwaVo.

⁶⁵ Mumwe nemumwe wedu ane chikamu chaanoita mumufanidzo uyu nemurwiyo urwu. Tiri zvikamu zveHumambo hwaMwari. Zvino ndiko kuti, tinogona kuita zvikamu zvedu, chero bedzi tikangocherechedza panzvimbo patiri kuti ndepapi, ndiri wenzvimbo iyoyi, zvararo wobva wagara panzvimbo ipapo. Pane imwe nzvimbo tinoziva, iri murudo, nokuti ndizvo zvinogadzira mufananidzo.

⁶⁶ Zvino, zvakaoma kana uchiona zviratidzo izvi sezvizvi, nezvinhu, kunzwisisa zviri—zviri kune rimwe Divi. Ndinoshuva dai ndaiziva. Murume akapfekedzera izvi zasi apo, kutaura kuti vaporofita vakare, kuti vaiona sei zviratidzo izvi, uye nezvakadaro, uye kuti, nhasi, kupfuurira kana . . . Hatikwanisi kuzvinzwisisa, asi Ishe vakatitendera kuti tizvimanikidzire mazviri uye nekuona kuti izvozvo chii.

⁶⁷ Zvino, shamwari, ndakanga ndisina kuvata. Uye ini, zvingori pakati penyuni, uye nekereke iyi pano, ndakanga ndisiri muchiratidzo. Ndinoziva kuti chiratidzo chii. Zvimwe pano, svondo richangopfuura, zvimwe, zvanga zvakawanda zvingapetwa makumi matatu, husiku humwe, zvaitika. Unogona kufungidzira mutoro uri pauri. Zvinoita kuti usagadzikane, zvirokwasvo.

⁶⁸ Ko toti wakaenda kumusangano wakadaro, uye mutoro chete, wokuti musangano wazofamba here zvakana kana kwete, wanga uri pauri, mu—mutoro chete? Unofanira kupindura mushumiri wese, mubvunzo woga-woga, chimwe chose. Musangano wafamba zvakana kana kwete, zvinongoisa mutoro wacho pauri, woga. Tarirai kuti izvozvo zvinoita sei kwauri.

⁶⁹ Zvino pane vamwe vabatsiri vangu, vachingotengesa mabhuku, nezvakadaro, vanohuta-huta kwazvo, vanotozoenda kumba, munooa, vorara, havayi kuchechi husiku iwoyo. Zvangu ini! O, zvakangoshata. Semuroora wangu, musikana Mukristu mudiki akanaka, Loyce. Nekungo—nekungoenda mumusangano, kungo . . . Kwemavhiki masere, kana mavhiki manomwe, zvichiererera saizvozvo, anotozorara pamubhedha kwezva rimwe kana maviri, munooa, asina mutoro. Maona? Billy, kungopa makadhi ekunamatirwa mashoma, zvino anenge atoparara.

⁷⁰ Asi, munooa, mutoro wese unenge uri pandiri. Ndinofanira kuvimba nemi kuti mundinamatire. Maona? Kunze kwaizvozvo, vanotaura kuti—kuti maminiti makumi maviri eku—ekuparidza, uri pasi pekufemerwa, anoenzaniswa nemaawa masere ebasa rakaoma, kumutumbi wako. Ndinoparidza kubva

pamaawa maviri kana matatu pausiku hwega-hwega; dzimwe nguva katatu pazuva. Maona?

⁷¹ Ko zvino kuzoti chiratidzo chimwe chete? Chiratidzo chimwe chete chakaita kuti Ishe wedu Jesu vapere simba. Ndizvozvova chaizvo. Bhaibheri rakati mudzimai akabata hanzu yaKe, zvikaMuita kuti apere simba. Zvakanaka, kana chiratidzo chimwe chete chichiMuita kuti apere simba, iYe, Mwanakomana waMwari; ko kuzoti inini, mutadzi akaponeswa nenyasha, ko makumi matatu azvo angadiiko muhusiku humwe chete? Maona? Zvaka...Kana tikambomira tikafunga, zvinopfuurira chero munhu upi hake. Mutumbi wemunhu hauzvikanwanise izvozvova. Ndingadai ndiri kunochengetwa mapenzi kune imwe nzvimbo, ndichirovera musoro wangu kumadziro. Maona? Ku—kupera simba chaiko kwekuti haukwanise...Kurukutika kwemukati, munoono, kunobva kwatongokuraya.

⁷² Zvino, asi chii chaunozoshingairira zvino? Ndinogona kutaura izvi. Ndinoono Hama neHanzvadzi Cox, apo, Rodney nemudzimai wake, uye hanzvadzi kubva kumashure uko, vatendi vatsva. Kune Nyika, kunze uko kune imwe nzvimbo, kwekuti kana ukangogona kufunga mundangariro dzako zvino woIona zvairi, chinhu chakanyanyisa kunaka. Yakakodzera kushingaira kwose kwatinoita. Maona?

Zvino, ndisati ndanamatira vanorwara, ndingataura izvi.

⁷³ Ko kana mwana mudiki, asati aberekwa...Ngatitorei izvozvova. Mwana mudiki ararama mumimba yaamai, kwemwedzi mipfumbamwe iyi, zvino mwana mudiki uyu achikwanisa funga? Aibva ati, “Munoziva chii? Vari kunditaurira kuti ndave kuda kubarwa. Saka, chii chandichaita kunze ikoko? Hapana chandinoziva kunze kwenzvimbo ino yandinogara kuno. Ndinowana simba rangu kubva mukati. Zvino ndichararama sei kunze uko? Vanonditaurira kuti kune zuva rinopenya. Vanonditaurira kuti vanhu vari ikoko vanofamba-famba. Zvino hapana chandinoziva kunze kwenzvimbo ino iri kuno. Ndizvo chete zvandinoziva, muno umu mu—mumimba yamai vangu. Muno ndimo mandakakurira. Zvose zvandinoziva zviri muno, zviri muno chaimo mumimba iyi. Zvino vanonditaurira kuti kune nzvimbo yakakura kwazvo!” Zvakanaka, kamwana kaduku aka kanotyta kunge kachafa, kuti aberekwe. Ndizvo here? Kaizotyta kunge kachafa, nokuti kari kuuya munzvimbo yakasingazive pamusoro payo, iri yepamusoro-soro, yepamusoro zvapakapetwa kamiriyoni, kune kwakaigara. Hakakwanisi kuziva kuti zvose zvakanamira sei. Kanogona kuti, “Sei, ko ndichazoita sei?” Kanotyta kunge kachafa, kuti kaberekwe.

⁷⁴ Asi, isu tinogara kunze kuno, zvakanaka, isu takambenge tiri ikoko pane imwe nguva, hakuna nzira yekuti tidzokere ikoko. Hatingambodi kudzokera mudumbu raamai zvakare. Maona? Kwete. Hatingadi kuita izvozvova.

⁷⁵ Uye ndizvo zvazvingori kana tava kufa, shamwari. O Mwari! Maona? Uri kuberekwa mune imwe Nzvimbo. Hauna kumbobvira wasvika Ikoko. Haukwanise kuInzwisisa, kuti Yakakura sei. “Kuti—kuti zvichazenge zvakadii kunze Ikoko? Ini. . .” Uye chinhu chete chinoita kuti ndicherechedze, kana kuti ucherechedze, ndekaya kakubata kadiki keHupenyu, semweya unouya mumwana ari mumimba yaamai vake. Maona? Ndiyo nzira chete inoita kuti tinzwisise kuti iNyika huru yakadini iri kunze uko, uko kusina hurwere, kusina kusuwa, kusina rufu, kusina kukwegura, kusina chinhu. O, ini zvangu! Handiti, kana wangosvika Ikoko, hauzodi kudzoka kunzvimbo yakaita seino, zvimwe chetezvo semwana haazodi kudzokera mumimba yaamai vake. Maona? Kwakanyanya kukura kune rimwe Divi, munoona, kunze Ikoko. Hatikwanise kuInzwisisa, kwete zvirokwazvo. Hatikwanise. Handiti, zvokuti kamwana kadiki hakakwanisi kana kufunga, kana nesuwo hatikwanisi kunzwisisa kuti zvichazovei kunze Ikoko, munoona, nokuti tiri mumimba yenyika, tagadzirira kuberekwa pane imwe nguva, kupinda muHumambo hutsva, muNyika itsva.

⁷⁶ Uye ndiyo nzira yandinonzwa pamusoro pezviratidzo izvo nezvinhu zvakadaro, kana kuti chero izvo zvakaitika kwandiri zuva riya randakayambukira mhiri, uko kunze, nekuona kuti Yaive chii, zvino nekuzodzoka iko kuno.

⁷⁷ Ungazvifungidzira uri mwana mucheche uye—uye une ru—ruzivo rwokuti, kwakanaka sei kufamba-famba, uchiona miti ichidombera, shiri dzichiimba, zuva richipenya, nehupenyu hwakadai, ipapo zvino wozofanira kungogara mumimba? Handiti, hauzombodi kudzokera, zvachose.

⁷⁸ Zvakanaka, zvino, isu, ku—kufunga kwedu kunenge kwabatwa nechiveve, kwakasunama, kana kuedza kufunga kuti chimbori chii chiriko Ikoko. Apo, Gwaro rinoti, “Ziso harisati ramboona, nzeve haisati yakambonzwa, kana kumbopinda mumoyo wevanhu izvo Mwari zvananzvo zvalo, zvavakavachengetera, avo vanoMuda.” Maona? Saka tinoziva kuti kwakanakisa kune rimwe Divi. Rimwe zuva, rufu, rwatinodaidza kuti rufu, rwuchatipa Kuberekwa kutsva, zvino tichazouya mune imwe Nyika, kune rimwe Divi.

⁷⁹ Hama George, munenge musina kuchembera, kana kuremara, Ikoko. Zvino Hama neHanzvadzi Spencer, uye nevamwe vakaita sesu takura, nezvakadaro, tinenge tava vadiki, Ikoko, nokusingaperi. Ichi chachembera. . .

Hanzu iyi yenyama ndichaidonhedza,
 ndosimuka
 Uye ndotoro mubairo wekusingaperi;
 Uye ndodanidzira, ndichidarika nemumhepo,
 Toonana, toonana, nguva inotapira
 yekunamata.

⁸⁰ Zvose zvapera, zvino. Hapasisina husiku hurefu hwekunamata, hapasisina. Unobva wangopinda muzera riya rechidiki, remufaro kuva Ikoko, kwete kwegore chete, kana makore makumi mashanu, kana miriyoni yemakore, asi tikatenge tiri Ikoko zana remabhiriyoni emakore, tinenge tisati tambotanga zvachose. Ndizvozvo. Ko sei tisingafaniri kufara mangwanani ano? Sei tisiri kupembera? Sei tisiri kutora mukana wezvinhu zvose zvikuru Mwari zvaakatipa?

⁸¹ Kupodza kwaMwari kuri pano. Sei Jesu akaiswa mavanga; kubvarura mufananidzo, oti, “Hakuna chinhu chakadaro kwazviri”? Akaisa mavanga pamutumbi waKe zasi uko, mbabvu dzikaoneka nekunze, naizvozvo, “Nemavanga aKe takapodzwa.” Ngatiregei kubvarura mufananidzo, mangwanani ano. NgatiUtambirei, Ugamuchirei.

⁸² Iko zvino, hama, zvino mumwe nemumwe wenyu zvino ari kuzonamatirwa, kana mukangomira makatenderedza artari. Shoko paranga richibuda richienda, nguva shoma yapfuura, kubudikidza nekududzira nendimi, kuti tiise maoko pamusoro pavanorwara uye tigoona mabasa makuru aMwari.

⁸³ Zvino, hama yedu, hamusungirwe kusimuka, hama, iyo irere panhowo. Tichauya kwamuri.

⁸⁴ Asi kana pane vamwe pano vanoda kunamatirwa, vanoda kumira vakatenderedza artari, apo hama neni tichinamata nokuisa maoko pane vanorwara, imi huyai iko zvino. Zvino rangarirai, gamuchirai mufananidzo uyu, “Nemavanga aKe takapodzwa.”

⁸⁵ “Handizvinzwisise, Ishe.” Chokwadi, haunzwisise. Uchiri mumimba yenyika zvino.

⁸⁶ Asi Akaita gadziriro idzodzo. Zvino haAna kutora. . . Sei Iye akaiswa mavanga? Kuti azongobvarura mufananidzo, kana kubvarura nziyo, oikandira kure? Kwete, changamire. Akaiswa mavanga, akakuvadzwa, akajuja ropa, kuti isu tipodzwe. Uye naizvozvo, isu, “Mavanga aKe, takapodzwa,” mumwe nomumwe wedu. Zvino, pamunenge muchiuya, muchiungana makatenderedza aritari kuitira munamato.

⁸⁷ Zvino, zvizhinji izvi pano zvekuvhangeri kwekunanisira kwepamusoro kwemAmerica, nekutaura kuti, “Unofanira kuita *izvi*, *nezvozvo*.”

⁸⁸ Pane chinhu chimwe chete chandinoda kutendeka pamusoro pacho kwauri, shamwari yangu. Chinhu chacho, nzira inopodza naMwari, iri panheyo yekushumira kwaAri. Maona? Iri panheyo yekushumira kwaAri. Tinofanira kugamuchira kupodzwa kwedu panheyo, yekuti, tinozoMushumira mushure mekunge tapodzwa. Zvino, Bhaibheri rakati, “Reururai mhaka dzenyu, mumwe kune mumwe. Namatiranai mumwe nemumwe, kuti mugopodzwa.” Maona? Zviri panheyo, yekuti unozoshumira Mwari. Vazhinji venyu pano, zvichida, muri muchinhanho

chekufa, uye mu—munofanira kufa kana chimwe chinhu chisina kuitika. Zvino ndinoda kuti imi, mumoyo menyu. . .

⁸⁹ Zvino, tinogona kukuzodza nemafuta, tinogona kukunamatora, mufundisi neni, tonamata munamato wekutenda, toita zvose zvatinokwanisa, asi hazvina zvazvinobatsira kusvikira iwe pachako wapinda mukuyanana naKristu. Maona? Unofanira kuuya mukuyayana uku, kuti, “Ini, Ishe. . .”

⁹⁰ Ndinoona mu—mu—mudzimai wechidiki achifamba apo iko zvino. Akauya pano, nguva shoma yapfuura kumba, ane chimwe chinhu chakaita sebundu, kana chirwere cheHodgkin’s. Uye muMethodisti, pakutenda. Ndinotenda kuti ndizvozvo, handizvo here, hanzvadzi? Zvino aive nebundu hombe parutivi. Zvino heunoi amire apo, akapodzwa.

⁹¹ Ndinoona hanzvadzi Weaver vamire pano, vanga vari mumwe ane chinhanho chekenza chakaipisisa chandati ndamboona, muhupenyu hwangu hwese. Chinhu chekutanga chandakavabvunza, vangada here “kubhabhatidzwa muZita raJesu Kristu,” uye voreurura zvivi zvavo. Zvino pandakavaisa mumvura pano, ndakatoita vekutobata; vakanga vakaonda chaizvo, maoko avo, twungori twunhuwo twudiki. Zvino vakabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu. Anodarika makore gumi apfuura, handizvo here, hanzvadzi? [Hanzvadzi Weaver vanoti, “Kwete. Ava makore gumi nematanhatu apfuura.”—Mupepeti.] Makore gumi nematanhatu apfuura. Makore gumi nematanhatu ehupenyu hwakatendedzwa, nokuti vakabvuma kuuya mukuteerera. Apo vanachiremba vakanakisa munharaunda ino. . .

⁹² Zvirokwasvo, chiremba wavo chaiye akandiuza. Apo, pandakamuudza—ndakamuudza, ndakati, “Vapodzwa.”

⁹³ Akati, “O, o! Vachafa nekenza, mumavhiki mashoma. Musanetseka naizvozvo. Vachange vaenda. Mamwe mavhiki mashoma, vachange vaenda.” Uye iye anga atovapa kare ringaita zuva rimwe rokurarama. Zvino hevanoi vari pano, nhasi, mushure memakore gumi nematanhatu, vakamira partari. Chii chimwezve chandingataure, ndichidzokorodza, uye nokudzokorodza!

⁹⁴ Zvino, Mwari havangoite izvi kune mumwe wemwana waVo, uye vasingaitire mumwe wevana. Vanozviiitira kune vana vaVo vose. “Ani nani anoda anogona kuuya.” Zvi. . . Unokokerwa kwaVari. Zvino, “Munamato wekutenda uchaponesa vanorwara.” Bhaibheri rakataura kudaro.

⁹⁵ Zvino—zvino, kana. . .zvandinoda kuti uite, kureurura zvawakakanganisa kuna Mwari, zvino woti, “Ishe, ndipodzei.” Kana musina kubvira makatendeuka, ipai moyo yenyu kuna Kristu. Uye kana usina kubvira wakambobhabhatidzwa,

mumvura, muZita raJesu Kristu, pane chidziva pano chakagadzirwa. Maona?

⁹⁶ Zvino mudzimai mudiki uyu mhiri kwemugwagwa pano; apo asingatendi uya ipapo akatendeutswa nazvo. Paakanga akarara . . . Vakamutumira kumba kubva kuSilvercrest, aine TB, achifa. Zvino pandakadzika zasi ikoko, zvino Ishe vakapa chiratidzo, ndokuti, “Ari kuzopodzwa.”

⁹⁷ Zvino akasangana neni ipapo, mangwanani akatevera, VaAndrews, uye ndokundipopotera. Ndokuti, “Tariro yenhema yakadaro, pamusoro pemudzimai iyeye!”

⁹⁸ Ndakati, “VaAndrews, haisi tariro yenhema. Mudzimai wacho muKristu. Uye kana ava kukwanisa, ari kuuya kuzobhabhatidzwa.”

⁹⁹ Zvino iye ndokuti, “Ari kufa.” Ndokuti, “Ini . . . Angatumirwa sei kumba kubva kuSilvercrest?”

¹⁰⁰ Ndikati, “Changamire, uri kutarisa, uri . . . Zvauri kutarisa kwazviri, uri kutarisa kune zvakataurwa nachiremba. Ndakatarisa kune zvakataurwa naMwari.” Maona?

¹⁰¹ Zvino, ndiwo musiyano chete, zvauri kutarisa kwazviri. Maona? Ukatarisa kune zvakataurwa nachiremba, unofa zvirokwazvo. Asi unofanira kutarisa kune zvakataurwa naMwari. Uchatora shoko raani?

¹⁰² Ko dai Abrahamama akatora pfungwa yachiremba pamusoro pake ane makore zana, zvino ozova nemwana kubudikidza nemudzimai wake, ane makumi mapfumbamwe? Chii chaizoita zvino? Maona? Handiti, chiremba aizoti, “Murume wacho anopenga.” Asi Mwari akati kwaari kururama, nokuti akatenda Mwari. Maona? Zvino, iwe . . .

¹⁰³ Zvino mudzimai wacho akararama. Ndokubva aregera kubhabhatidzwa, neZita raJesu Kristu, nokuti ndinofunga kuti aiita sokunge muMethodist kana muPresbyterian. Akatanga kuwedzera kurwara nekurwara. Zvino akauya ndokutora Grace Weber, uyo aigara pa . . . kana kuti anogara ipapo nazvino, mwanasikana wake anogara ipapo. Robe, zvino ndokuuya pano, akabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, aine fivhiri, nezvirwere zvemapundu akabuda ndokupararira nebendekete rose uye nezvose, achipisa muviri, zana nemana. Zvino akabhabhatidzwa ipo pano chaipo, muZita raJesu Kristu. Zvino anogara mhiri kwemugwagwa kubva pano. Pamwe agere muno zvino. Ndambotarisa-tarisa kuti ndione kana ndaikwanisa kumuona, maminiti mashoma adarika. Maona? Kuteerera, munoono.

¹⁰⁴ Hakusi kungoenda uchitenderera . . . Ndinopesana nedzimwe hama dzedu, vanongoisa maoko pamusoro *peuyu*, *uyo*, uye *nemumwe*, zvakadaro, nekutaura kuti imwe mhando yekutenda kwepamusoro-soro kunozviita. Handizvo. Unofanira

kunge une kutenda kweMweya Mutsvene, kwechokwadi, kwakasimba, kwemuBhaibheri. Maona? Hakudaro, hakuzogara. Hazvisi kuzogara.

¹⁰⁵ Ndicho chikonzero ndichikwanisa kutenda Ishe kuti Vandibatsira kusvika zvino. Ku—ku—kupodzwa kwakaitika kwaive kwechokwadi, nekuti kwakavakwa zvezmazvirokwazvo pane ZVANZI NAJEHOVHA. Maona? Naizvozvo kunomira.

¹⁰⁶ Zvino—zvino, apo Sunday school yevechidiki. . .Ndanga ndakamirira kwemineti, ndichitaura nemi, kusvikira vawana nzvimbo dzavo, vanyatsogara, kuti tigonyarara zvino. Tingori nemaminitsi akati kuti, tichanamata, kutanga kunamata.

¹⁰⁷ Zvino, ndinoda kuti mumwe nemumwe wenyu areurure zvakaipa zvake kuna Mwari, uye wovimbisa Mwari kuti uchaMushumira nekuita zvole zvaunokwanisa. Zvino mufudzi neni tichanamata, uye touya kuzoisa maoko pauri, uye une chokwadi chekuzopodzwa kana uchizvitenda.

¹⁰⁸ Ko zvaizogoneka sei nevanhu vava vaive nemadondoro, nematsi, nezvimumumu, nemapofu, Svondo yapfuura masikati, ndokungofamba vachiuya kupuratifomu, ndokukandira kwakadaro madondoro avo; vofamba vachiuya kupuratifomu, maziso ozaruka, munoziva, saizvozvo? Aiva mazana akapetwa mazana avo! Kusvikira, ndakanyatsorukutika, vakapotsa vanditakura kubva panzvimbo pachu, ndakangomira, ivo vachipfuura nepo. Maona? Mutsara waigona kusvika kuJeffersonville High School uchibva pano, potse, vakaita mutsara, vachiuya nemumutsara. Uye handizivi kana pane mumwe wavo, akapfuura nepo, asi kuti vakapodzwa. Maona? Nekuti vakauya panheyo yekutenda kwechokwadi, kwemazvirokwazvo kweChikristu pamwe nekutenda. Ivo. . . Zvinofanira kuitika.

Zvino kotamisai misoro yenyu, munhu wose, ndibatsirei kuvanamatira.

¹⁰⁹ Ishe Jesu, tinounza kwaMuri, mangwanani ano, ungano iyi imire pano, yakamirira, yevana varwere, vanoshushikana, vanotambudzwa. Havachina kana tariro, vazhinji vavo, Ishe, yekupodzwa navanachiremba, kunyanya murume uyu arere pano panhowo iyi. Zvichareva nyasha dzeNyu kana kuti anobuda munyika ino mumazuva mashoma. Zvino pasina kupokana, pangadai pane vakamira paaritari pano, vakamirirwa nekumira kushanda kwemoyo, nezvirwere, nekutambudzwa kunovasakadza.

¹¹⁰ Pane chinhu chimwe chete, Baba, chinokwanisa kuvaponesa, ndiko, kuenda seri kwepfungwa shanu pano dzemutumbi uno, apo vanachiremba vakaedza vakatendeka, pasina kupokana, kuponesa hupenyu hwavo; zvirwere, kenza, TB, dambudziko remoyo. Zvino nekugadziridza kose, nemachubhu,

nezvinoshandiswa, ne—ne—nemishonga inorwisa hutachiona, muvengi anomanikidzira mukati, kunотора hupenyu hwavo.

¹¹¹ Zvino ndaratidza, Ishe, ndinotenda, pfungwa yeNyū, kwavari. Zvino ndanzwa murume achitaura yendimi mangwanani ano, uye ndokupa dudziro iya, zvaizoitika nhasi. Vamwe vavo vachazozvigamuchira, Ishe, chokwadi. Ndizvozvo chaizvo. Ndinozvītenda.

¹¹² Uye zvino, sekunyorwa kwazvakaitwa muBhaibheri, kuti Dhavhidhi, mukoma mudiki mufudzi, aitarira makwai ababa vake, kunze seri kwegwenga. Zvino rimwe zuva shumba yakauya ndokutora rimwe ramakwai ababa vake, ndokubva yatiza naro. Zvino mukomana mufudzi mudiki uyu, nekutenda, chii chaaive nacho kuti auye kurwisa shumba iyi? Kwete pfuti yechimanjenje hombe kana diki. Asi aive nechimvii chidiki, zvino ndokutevera shumba iyoyo. Akauraya shumba iyoyo, uye ndokudzoka negwai iroro. Chitsere chakauya ndokutora rimwe; akatevera chitsere ichi chingadai chakamupwanyira pasi. Asi haana kumbofunga pamusoro pekukura kwechitsere, kana simba reshumba, kana kumhanya kwayo nokukasika, kana kusakwanisa kwake nechimvii.

¹¹³ Asi paakanga akamira pamberi paSauro mambo, akati, “Muranda wenyu aifudza makwai ababa vake, zvino shumba yakapinda mukati ikatora rimwe, zvino ndokutiza. Zvino ndakaitandanisa uye ndokudzoka negwai.” Akati, “Mwari mumwe chete akandidzikinura kubva muruoko, kana gumbo rechitsere ichi, kana mazino eshumba iyi, anogona kutora muFiristia uyu asina kudzingiswa zvino ogomutambidza muruwoko rwangu.”

¹¹⁴ Tinoziva kuti nyaya yacho yakafamba sei, kuti akatouraya; akauraya murume akanga akakura zvikuru kwazvo, kudarika kakawanda zvaakanga ari, uye ari murwi. Zvakashamisa Sauro, mambo mukuru uya, murume mukuru, ane simba, kuti kakomana kadiki kangava nekutenda kwakadaro muchimvii. Kwete, kwete muchimvii, asi muna Mwari.

¹¹⁵ Zvino, Ishe, vakamira vakatenderedza aritari ino, arere pano panhowo iyi, makwai aMwari, makwayana madiki, tingati, kwaAri. Vakabatwa neshumba inonzi kenza, chitsere chinonzi TB, zvimwe zvirwere zvakavabata, zvakavazunzira kunze, uye zvikavadimura kuita zvidimbu. Ishe, ndi—ndiri kuzvitevera, nechimvii chinonzi munamoto wekutenda. Hachina zvizhinji pachiri, asi ndinoziva zvachakamboita. Uye ndinoziva kuti achiri Mwari mumwe chete. Ndiri kuvatevera, mangwanani ano, kuvadzosa zvakare, Ishe, kumafuro manyoro ane mimvuri yehutano hwakanaka, zasi kumvura dzakadzikama dzerugare, uye kure nekunetseka kwavo, kuti vatende kwaMuri.

¹¹⁶ Zvino ndinovatevera, nechombo chaMakapa chokupinda mukati. “Munamoto wekutenda uchaponesa vanorwara,

uye Mwari achavamutsa. Kana vakaita chero chivi, vachachiregererwa.”

¹¹⁷ Zvino, Baba, tinoenda zvino kunosangana nemuvengi, kunosangana neshumba, kunosangana na—nadhiyabhorosi muchimiro chipi chaari, chinonzi kenza, TB, chirwere cheHodgkin’s, dambudziko remoyo, chero chirwere chipi. Tauya kuzomutsvaga, nekudzosa gwayana iri kuImba yaMwari zvakare. MuZita raJesu Kristu tinoenda, kunoshandisa chimvii icho chaMakatipa. Ivai nesu, Baba, patinosvika kwaMuri nekuremekedza zvino, muZita raJesu.

¹¹⁸ Ndinoda kuti murambe makakotamisa musoro yenyu. Uye tiri kuuya kuzozodza nemafuta, nekuisa maoko pane vanorwara, uye munamato wekutenda uchapodza vanorwara. Mukristu wose ari muno, isa kutenda kwako pamutsara wekunamatirwa uyu.

¹¹⁹ [Hama Branham vanosiya maikirofoni yepapurupiti kwamaminitsi matatu nechidimbu, apo ivo neHama Neville vachinamatira vanorwara, asi mamwe manzwi eminamato yeHama Branham haakwanise kunzwicka, ndima 119-122. Anoridza piano anoenderera nekuridza *Tenda Chete* kusvika minamato yapedzwa—Mupepeti.]

MuZita raJesu Kristu!

MuZita raJesu Kristu!

Zita raJesu!

Zita raJesu Kristu!

Zita raJesu!

Baba, ndinotsiura dhiyabhore! . . . ? . . .

MuZita raJesu Kristu!

MuZita raJesu Kristu! . . . ? . . .

MuZita raJesu Kristu!

Huyai muzvitende . . . ? . . . uye zvichaitika! . . . ? . . .

Ishe, Muri . . . ? . . .

Mwari . . . ? . . .

¹²⁰ Ishe, Muri . . . Makanyora mukana. Muri Hama yepedyo, Kristu! . . . ? . . . MuZita raJesu Kristu!

¹²¹ “Munamato wekutenda uchaponesa vanorwara.” Ndinoda kuti Imi muzviite kwaari. Mudzosei kuva mudzimai ane hutano zvakare! . . . ? . . .

Zita raJesu Kristu, mudzosei!

MuZita raJesu Kristu, mudzosei! . . . ? . . .

MuZita raJesu Kristu, dzosai hanzvadzi yangu.

MuZita raJesu Kristu, dzosai hama yangu! . . . ? . . .

MuZita raJesu Kristu! . . . ? . . .

MuZita raJesu Kristu! . . .? . . .

MuZita raJesu Kristu! . . .? . . .

Hamuna kuzviita. Ishe vakuropafadzei!

Ndinochitevera, mangwanani ano! . . .? . . .

¹²² MuZita raJesu Kristu, ndiri kukudzosa, nemunamato wekutenda, kubva muhusungwa! . . .? . . .Tinowedzera kutenda kwedu kune ava! . . .? . . .

[Hama Branham vanodzokera kumaikirofoni yepapurupiti—Mupepeti.]

Tenda Chete;

Misoro yedu yakakotamiswa zvino, zvino.

Tenda chete, tenda chete,

Zvinhu zvinogoneka, tenda chete.

O Ishe, ndinotenda; O Ishe, ndinotenda;

Zvinhu zvose zvinogoneka . . .

Ngatisimudzei maoko edu zvino.

. . . Ishe, ndinotenda;

O Ishe, ndinotenda; Ishe, ndinotenda;

Zvinhu zvose zvinogoneka, Ishe, ndinotenda.

¹²³ Baba vedu veKudenga, avo vakwanisa kusimuka, vasimudza maoko avo, kuti ivo vazvigamuchira. Hama iyi yanga irere panhowo, yasimuka, kuratidza kuti agamuchira kupodzwa kwake. Tinotenda, Ishe, vari kufamba zvine rugare zvino kudzokera kumafuro manyoro ane mumvuri, pamvura dzakadzikama, kuti vapore zvakare, kubudikidza neZita raJesu. TinoKupai kutenda nokuda kwazvo. Amen.

¹²⁴ Zvakanaka, Hama Neville, ndichagara pano uye ndoteerera imi muchiparidza zvino.



SERI KWECHIDZITIRO CHENGUVA SHO61-0305
(Beyond The Curtain Of Time)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, 5 Kurume, 1961, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2019 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org